Утверждаю

Сочинение на тему «Творчество Расула Гамзатова»

Сочинение.

«Зодихъ берцинаб жо г1олохъанаб моц1
Г1одоб берцинаб жо мах1 берцинаб т1егь
Амма дир берцинаб бак1 гьикъун хадуб
Дир рак1алъ ах1ула дур ц1ар Дагъистан».

Расул Х1амзатов гьавуна 1923 соналъ Хунзахъ районалъул Ц1ада росулъ, Дагъистаналъул халкъияв поэт Ц1адаса Х1амзатил хъизамалъе. Поэтасул вас вук1иналъ Расулие рес кьуна жеги гьит1инго вук1аго, раг1ул къимат лъазе, гъелъул пасих1лъи бич1ч1изе ва художествияб асаралъул халкъалъул г1умруялъе бугеб к1вар бихьизе. «Ц1акъ гьит1инго,- ян рак1алде щвезабуна Расулица,- инсуца дун вачунаан керчаб т1ингъикье ва гьенир дие жиндирго куч1дул ц1алулаан». 1940 соналъ лъуг1ана педучилище, х1алт1ана Г1аранив учительлъун.

К1удияб Ват1анияб рагъул заманалда мух1канго загьирлъана Расул унго-унгояв поэт вук1ин. Къого сон барав шаг1ирас къват1ибе биччана жиндирго т1оцебесеб т1ехь: «Х1асратаб рокьиги боркьараб ццинги». Рагъ лъуг1араб мехалъ Расул анна Москваялде Максим Горькил ц1аралда бугеб институталде ц1ализе. Институт лъуг1ана 1950, т1адвуссана Дагъистаналде, хадуб вищана

Дагъистаналъул хъвадарухъабазул союзалъул председательлъун.

Г1урус халкъалъулгун маг1арулазул бугеб вацлъиялъул х1акъалъулъ хъварал руго «Краснодаралъул лъимал», «Россиялъул солдатал», «Дун гьавураб сон» абурал поэмаби.

«Дун гьавураб сон» абураб т1ехьалъухъ Расул Х1амзатовасе кьуна СССРалъул Пачалихъалъулаб премия. Шаг1ир х1исабалда гьесие к1удияб машгьурлъи щвезабуна «Т1адег1анал ц1ваби» абураб сборникалъ. Гьеб ккола гьесул г1емерал соназул х1асил.

Т1ехьалъул аслияб пиру гьес загьир гьабуна:

«Рорхатал ц1абзахъе сухъмахъал гьарун...

Гьенире ракетал роржаян абе

Бищун т1адег1анал, г1агарал ц1ваби

Г1адамазухъе щвей буго дир мурад» – абурал мухъазулъ.

Расул х1амзатовасул г1умруялъул ва творчествоялъул бицунаго, рехсеч1ого г1оларeблъун бихьула ц1акъго к1удияб машгьурлъи щвараб цо асар. Гьеб ккола «Къункъраби» абураб кеч1. Нилъер улкаялда зах1мат буго К1удияб Ват1анияб рагъуца пашманаб лъак1 теч1еб хъизам. Коч1ол байбихьуда авторас рак1алде щвезабулеб буго абадиялъго г1олохъанго хут1арал рагъухъаби:

«Дида кола рагъда камурал вассал
Кирго рукъун гьеч1ин, къанабакь лъеч1ин,
Муг1рул тун рик1к1ада хъах1ил зобазда
Хъах1ал къунърабазде руссун ратилин».

Зах1мат буго дунялалда гьелъиег1ан машгьурлъи щвараб цоги кеч1 батизе. Гьеб рик1к1ине бегьула рагъда т1аг1аразе гимнлъун. Гьелъ батила гьеб кеч1 бат1и-бат1иял мац1азда буссинабун бугеб. Гьединаб буго г1адатияв, маг1арулав, Даг1истаналъул ва улкаялъул ч1ух1и, Дагъистаналъул халкъияв поэт, Ленинил ва Пачалихъалъулаб премиялул лауреат, Расул Х1амзатовасул гьит1инбго коч1ол къисмат.

Ра1алде ккола г1умруялда жаниб бат1ияб асар хъван бук1инч1ебаниги, цо гьеб коч1ое г1ологи Расул бищунго т1адег1анал шапакъатазе ва реццарал раг1абазе мустах1икъав вугилан.

Расулил рокьулги, бах1арчилъиялъулги, г1аданлъиялъулги куч1дуз г1адамал рохизарула.Халкъалъе гьел х1ажат руго къечедал лъимги, ракъидал квенги г1адин.